

Odyans Piblik

Propozisyon pou chanje frè MTA yo, frè pou travèse tinèl/pon/wout ak lòt politik ki gen pou wè ak sa

MTA a ap kòmanse pwosesis chak de lane li an pou li revize frè li yo, frè pou peye pou travèse tinèl/pon/wout ak lòt politik ki gen rapò ak sa. Pwosesis revizyon sa anplas depi nan lane 2010. Odyans lan ap fèt nan dat ak lè ki nan nòt anba a ki nan pwopozisyon pou chanje frè MTA yo, frè pou travèse tinèl/pon/wout ak lòt politik ki gen rapò ak sa. Akòz pandemi COVID-19 la, MTA ap reyalye odyans yo vitèlman sou Zoom, "livestream" lan ap disponib sou sit entènèt Odyans frè yo ak Dwa Pasaj MTA 2020 an, new.mta.info/2020hearings. Nou envite piblik la pou li kòmanse sou pwopozisyon chanjman yo, ke nou ap jwenn nan rezime ki anba a, ki gen rapò ak, lè sa aplikab, Konpayi Long Island Rail Road (LIRR), Konpayi Metro-North Commuter Railroad (Metro-North), New York City Transit Authority (NYCT) ak anèks li yo, Manhattan and Bronx Surface Transit Operating Authority (MaBSTOA), Konpayi MTA Bus (MTA Bus), ak Staten Island Rapid Transit Operating Authority (SIR), ak frè pou travèse Triborough Bridge ak Tunnel Authority (MTA Bridges and Tunnels). Pwopozisyon frè yo ka disponib tou atravè OMNY, nouvo sistèm peman frè MTA a. Pwopozisyon pou frè ak dwa pasaj la pèmèt yo konsidere yon pi gwo varyete chwa; ogmante pri tikè oswa frè pou travèse tinèl/pon/wout yo kapab mwens pase montan maksimòm ki espesifye a. Apre odyans lan, apre nou fin konsidere komantè piblik la, komite MTA a ak ajans afilye li yo ap deside ki frè ak ki ajisteman frè pou travèse ansanm ak nouvo politik pou yo adopte.

Akoz espas yo limite sa anpeche nou pibliye nan jounal chak grenn pwopozisyon frè, frè de pasaj oswa politik yo. Pou plis detay sou chanjman potansyèl sa yo, tanpri vizite new.mta.info/2020hearings, konsilte enfòmasyon ke nou poste nan estasyon MTA yo ak sou bòd afich nimerik nou yo, oswa rele nimewo ki la pou Odyans Piblik lan nan (646) 252-6777.

Pwopozisyon frè, frè pou travèse tinèl/pon/wout ak politik ke y ap revize yo

Apre odyans yo, yo ka adopte yonn oswa plizyè nan chanjman yo pwopoze pou fèt ki site anba la yo:

NYCT, MaBSTOA, MTA Bus, SIR

Frè pou Tren (NYCT), Otobis Lokal (NYCT, MaBSTOA, ak MTA Bus), ak SIR:

Frè de Baz pou Ale sèlman (Aktiyèlman \$3.00 pou Tikè Ale sèlman, ak \$2.75 pou peman kach ak Pay-Per-Ride MetroCard®):

- Elimine opsyon Tikè Ale sèlman an, oswa kenbe opsyon aktyèl Tikè Ale Sèlman an.
- Kenbe pri tikè de baz ki te la deja pou peman kach la, Pay-Per-Ride MetroCard ak/oswa Tikè pou Ale Sèlman an oswa ogmante pri tikè de baz ki te la deja pou peman kach ak/oswa Pay-Per-Ride MetroCard jiska 25¢ ak/oswa ogmante pri pou tikè de baz pou tikè Ale sèlman an jiska \$1.00.
- Elimine peman kach frè lè moun nan monte bis lokal pou ale sèlman oswa toujou kenbe opsyon peman kach la.

Rabè sou MetroCard (aktiyèlman pa disponib)

- Toujou kite pri tikè a san rabè, oswa mete sou pye yon MetroCard ki ap gen pri tikè a ki redui jiska yon rabè de 7% sou nouvo baz pri tikè a, pou acha MetroCard ki depase limit yon acha inisyèl ki rive jiska \$6.00 plis nenpòt frè ki aplikab pou achte yon nouvo MetroCard (the green fee)

MetroCard ki gen pakou ilimite:

- Kenbe 7 jou pakou ilimite yo, 30 jou pakou ilimite yo, ak 7 jou MetroCard Express Bus Plus, oswa elimine yonn oswa plis nan lese-pase sa yo. Si yo elimine yon lese-pase, elimine lòt tip tikè ki gen ladan l lese-pase ki elimine an, sa gen ladan tou men li pa limite ak sa sèlman LIRR Atlantic Ticket Joint Weekly + 7 jou tikè pakou ilimite, Mail & Ride Joint Monthly Railroad Pass ki gen rabè a + MetroCard ilimite, UniTickets pa semèn ak pa mwa.

- Nan ka kote pri tikè ki te la deja pou peman kach yo, Pay-Per-Ride MetroCard, ak Tikè Ale Sèlman yo ta monte:
 - Pri MetroCard 7 Jou Pakou Ilimite a (aktiyèlman \$33.00) ka monte jiska \$34.75.
 - Pri MetroCard 30 Jou Pakou Ilimite a (aktiyèlman \$127.00) ka monte jiska \$134.00.
 - Pri MetroCard Express Bus Plus 7 Jou a (aktiyèlman \$62.00) ka monte jiska \$65.50.

- Nan ka kote frè ki te la deja pou peman kach yo, Pay-Per-Ride MetroCard, ak Tikè Ale Sèlman yo pa monte:
 - Pri MetroCard 7 Jou Pakou Ilimite a (aktiyèlman \$33.00) ka monte jiska \$36.00.
 - Pri MetroCard 30 Jou Pakou Ilimite a (aktiyèlman \$127.00) ka monte jiska \$139.00.
 - Pri MetroCard Express Bus Plus 7 Jou a (aktiyèlman \$62.00) ka monte jiska \$67.75.

Frè pou Express Bus (NYCT ak MTA Bus):

- Kenbe pri tikè aktyèl express bus pou ale sèlman an (aktiyèlman \$6.75), oswa ogmante pri tikè aktyèl express bus pou ale sèlman an jiska \$7.25.

Frè pou Sèvis Paratransit (aktiyèlman \$2.75):

- Nan ka kote pri tikè de baz ale sèlman Pay-Per-Ride MetroCard la monte, monte pri tikè New York City Access-A-Ride sans-inik lan jiska 25¢.

Frè MetroCard:

- Kenbe frè aktyèl \$1.00 pou achte yon nouvo MetroCard nan yon estasyon tren oswa nan yon estasyon 'MTA commuter rail' oswa nan men yon distribitè otomatik ("green fee"), oswa monte frè rive nan \$3.00.

Rediksyon pri tikè Walk-Up

- Elimine opsyon Walk-Up ki elijib pou yo montre kat idantite yo kote y ap vann tikè a oswa nan bis yo pou yo jwenn rediksyon pri tikè (sa ki ap mande pou Walk-Up la anrejistre nan avantaj rediksyon pri tikè a), oswa kenbe opsyon rediksyon pri tikè Walk-Up la.

Règleman sou Rabè:

- Politik Rediksyon Zero frè pou Moun ki granmou/kliyan ki andikape/Paratransit yo (sof endkasyon kontrè) ap rete konsa epi y ap aplike a frè modifiye yo.

Pon ak Tinèl MTA yo

- Monte frè pou machin pasaje yo travèse jiska \$6.70 pou kliyan E-ZPass New York Customer Service Center (NYCSC) yo lè yo itilize tag NYCSC E-ZPass ki byen monte yo a.
- Gen plizyè tip frè pou travèse ki ap aplike a non-NYCSC E-ZPass ak "Tolls" atravè lapòs, kliyan, motosiklèt, bis, ak kamyon anmentan ak kliyan NYCSC E-ZPass lè yo pa itilize tag E-ZPass ki byen monte yo a.
- Plizyè tip frè pou travèse ka aplike selon moman jounen an ak/oswa nan Jou Gridlock Alert ki chwazi alavans yo.
- Rabè pou rezidan Pon ak Tinèl ak plan pou plizyè moun ki vwayaje nan yon sèl machin ak pwogram rabè MTA yo ka afekte.

LIRR & Metro-North

Pa mwa, pa semèn, ak lòt tip tikè

- Monte pri tikè pa mwa yo jiska 4.3%. Monte pri tikè pa semèn yo jiska 5.9%. Monte frè yo nan yon montan ki soti de 0% jiska 11.2% nan tout lòt tip tikè yo (sa gen ladan City Ticket ak Atlantic Ticket men li pa limite a yo sèlman), tout ogmantasyon ki siperyè a 6% gen yon ogmantasyon o maksimòm ki se \$0.50 pa vwayaj.

- Altènativman, Komite a ka adopte yon pwopozisyon pou li monte pri tikè pa mwa yo jiska 4.3%, monte pri tikè pa semèn yo jiska 5.9%, epi monte frè nan yon montan ki soti a 0% jiska 16.7% nan tout lòt tip tikè yo (sa gen ladan City Ticket ak Atlantic Ticket men li pa limite a yo sèlman), men konsève otorite li pou li ofe pwogram pilòt ki revokab oswa antreprann etid teren ki ap bay rabè nan kèk oswa tout tip tikè.

Lòt frè ak Pwopozisyon politik:

- Frè rabè espesyal, suplemental step-up, frè moun nan bay lè l monte, ak frè pwolongasyon trajè, yo tout ka sijè a yon ogmantasyon pousantaj ki pi elve pase ogmantasyon frè de baz akòz yo awondi.
- Nouvo Estasyon Elmont lan se li ki ki ap yon estasyon LIRR Zòn 4.
- Kenbe kanal distribisyon aktyèl Pwogram Mail & Ride la oswa distribiye Mail & Ride sèlman atravè platfòm mobil.
- Kenbe rabè aktyèl Mail & Ride lan pou 'Joint Monthly Railroad Pass' + MetroCard ilimite (2%), oswa elimine 'Joint Monthly Railroad Pass' + MetroCard ilimite a.

Pwopozisyon Frè Fiks Altènatif:

- Kenbe estrikti frè zòn aktyèl la, oswa kondanse estrikti zòn nan an 2 zòn (yon zòn Vil New York ki pa gen ladan estasyon Far Rockaway, ak yon lòt zòn 'suburban' ki gen ladan l sèlman Nassau, Suffolk, Westchester, Dutchess ak Putnam counties ak estasyon Far Rockaway) ak 3 frè (vwayaje nan zòn vil lan, vwayaje nan zòn 'suburban' lan ak zòn vil lan, epi vwayaje nan zòn 'suburban' lan sèlman), san diferans pri lè demann nan wo pa rapò ak lè l ba ak san rabè pa mwa. Pou Metro-North, pwopozisyon sa pa p aplike a frè West of Hudson ansanm ak estrikti zòn. Nan pwopozisyon sa, gen lòt rabè sou frè ke n ap kenbe, epi tikè 10-vwayaj yo ka elimine.

- Nan pwopozisyon sa, pri tikè LIRR yo ap rive jiska montan ki vin annapre yo:
 - Pri tikè pou sans-inik ap jiska: \$8.25 nan zòn vil lan; \$14.50 pou vwayaj 'Suburban-City'; epi \$7.25 nan zòn 'suburban' lan.
 - Pri tikè pa mwa yo ap jiska: \$182.00 nan zòn vil lan; \$318.00 pou vwayaj 'Suburban-City'; epi \$192.50 nan zòn 'suburban' lan.
 - Pri tikè pa semèn nan ap jiska: \$58.25 nan zòn vil lan; \$101.75 pou vwayaj 'Suburban-City'; epi \$59.75 nan zòn 'suburban' lan.

- Nan pwopozisyon sa, pri tikè Metro-North yo ap rive jiska montan ki vin annapre yo:
 - Pri tikè pou sans-inik ap jiska: \$12.00 nan zòn vil lan; \$14.75 pou vwayaj 'Suburban-City'; epi \$8.00 nan zòn 'suburban' lan.
 - Pri tikè pa mwa yo ap jiska: \$262.00 nan zòn vil lan; \$329.00 pou vwayaj 'Suburban-City'; epi \$175.50 nan zòn 'suburban' lan.
 - Pri tikè pa semèn nan ap jiska: \$83.75 nan zòn vil lan; \$105.25 pou vwayaj 'Suburban-City'; epi \$54.25 nan zòn 'suburban' lan.

Frè Koneksyon sans-inik UniTicket:

- Monte frè koneksyon pou Hudson Rail Link jiska 50¢, pou Haverstraw-Ossining Ferry jiska 50¢, epi pou Newburgh-Beacon Ferry jiska 25¢.
- Monte frè koneksyon pa mwa pou Hudson Rail Link ak Haverstraw-Ossining Ferry jiska \$1.75, epi pou Newburgh-Beacon Ferry jiska 50¢.
- Monte frè pa semèn pou konekte sèvis bis NYC lokal yo (NYCT, MaBSTOA ak MTA Bus) jiska 50¢, ak frè pa mwa yo jiska \$2.50.
- Monte frè koneksyon sans-inik pou Haverstraw-Ossining Ferry ak Newburgh-Beacon Ferry jiska 25¢, monte frè sans-inik pou Hudson Rail Link jiska 25¢, epi monte zero frè pou Moun ki granmou/kliyan ki andikape/Paratransit yo and increase jiska 15¢.
- Monte frè pa semèn pou Nassau Inter-County Express (NICE) UniTicket jiska 75¢. Monte frè pa mwa pou NICE UniTicket jiska \$3.00.
- Si lese-pase NYCT ki baze sou tan yo elimine, pwopozisyon an ap pou elimine UniTickets pa semèn ak/oswa pa mwa ki koresponn yo.

Odyans Piblik Vityèl

Anrejistreman pou Odyans Piblik Vityèl la

Pou w anrejistre pou w pale nan odyans piblik vityèl yo, tanpri anrejistre sou entènèt nan new.mta.info/2020hearings oswa rele nan Nimewo Odyans Piblik lan nan (646) 252-6777. Telefòn ajan yo disponib apati 6 a.m. jiska 10 p.m. (Eastern times) chak jou. Anrejistreman pou chak odyans piblik vityèl ap ouvri apati 23 Novanm 2020 a 10 a.m. epi y ap fèmen a 5 p.m. yon jou anvan odyans lan. Tout komantè yo pral transkri epi yo pral fè pati dosye pèmanan odyans sa yo.

Rejwenn nou nan Odyans Piblik Vityèl la

Si w anrejistre pou w pale, ou kapab rejwenn nou atravè Zoom nan lè ki te pwograme pou odyans lan swa sou entènèt oswa pa telefòn atravè enstriksyon sa yo:

Rejwenn Zoom sou Entènèt: Pou aksede a rankont Zoom lan sou entènèt, vizite sit entènèt la: <https://mta-info.zoom.us/j/84115931743> (Ou kapab ale tou sou zoom.us/join epi antre nimewo webinè a 841 1593 1743)

Rejwenn Zoom atravè Telefòn: Pou aksede a rankont Zoom lan atravè telefòn, tanpri rele

1-877-853-5247 (gratis). Epi antre nimewo Webinè a 841 1593 1743, epi apre peze dyèz (#).

Wè Sèlman Sou Entènèt: Piblik ki ta renmen sèlman pou yo asiste a odyans lan kapab jwenn aksè a "live" la nan new.mta.info/2020hearings.

Fòm Odyans Piblik Vityèl la

Ou sipoze anrejistre alavans pou ou pale nan yon odyans piblik vityèl. Komantè aloral yo limite a sèlman de (2) minit pou chak entèvenan. Odyans yo pwograme pou 3 èdtan, men chak odyans piblik ap asepte moun k ap anrejistre jiskaske yo gen 240 minit (4 èdtan) entèvenan piblik ki anrejistre. Nan ka kote odyans lan rive nan kapasite yo prevwa a (240 minit komantatè ki pwograme), y ap bay entèvenan ki pa t gen posibilite pou yo pale nan lòt odyans piblik vityèl 2020 pou pri tikè ak dwa pasaj yo priorite pou yo pale. Anplis, nan tout odyans yo, y ap bay entèvenan ki pa t gen posibilite pou yo pale nan lòt odyans piblik vityèl 2020 pou pri tikè ak dwa pasaj yo priorite pou yo pale anvan. Ekspè MTA nan kesyon sa yo ap disponib pandan odyans lan pou yo reponn kesyon alekri ki koresponn a pwopozisyon ki fèt yo. Pou soumèt yon kesyon pandan odyans lan, ou sipoze rejwenn odyans lan atravè platfòm sou entènèt Zoom lan. Ou kapab soumèt kesyon yo nan nenpòt lòt lè nan mannyè ki nan lis anba a (gade "lòt fason anplis pou w fè yon komantè oswa mande enfòmasyon").

Dat ak Lè Odyans Piblik Vityèl yo, Peryòd Anrejistreman yo

Madi, 1/12/2020 Peryòd Anrejistreman: 23/11/2020 a 10 a.m. – 30/11/2020 a 5 p.m. Odyans lan ap kòmanse a 5:30 p.m.	Lendi, 7/12/2020 Peryòd Anrejistreman: 23/11/2020 a 10 a.m. – 12/6/2020 a 5 p.m. Odyans lan ap kòmanse a 5:30 p.m.	Lendi, 12/14/2020 Peryòd Anrejistreman: 23/11/2020 a 10 a.m. – 13/12/2020 a 5 p.m. Odyans lan ap kòmanse a 5:30 p.m.
Jedi, 3/12/2020 Peryòd Anrejistreman: 23/11/2020 a 10 a.m. – 2/12/2020 a 5 p.m. Odyans lan ap kòmanse a 10 a.m.	Mèkredi, 9/12/2020 Peryòd Anrejistreman: 23/11/2020 a 10 a.m. – 8/12/2020 a 5 p.m. Odyans lan ap kòmanse a 5:30 p.m.	Lendi, 21/12/2020 Peryòd Anrejistreman: 23/11/2020 a 10 a.m. – 20/12/2020 a 5 p.m. Odyans lan ap kòmanse a 10 a.m.

Odyans Vityèl Akote

Fòm Odyans Vityèl Akote yo

Piblik la kapab anrejistre tou pou yo bay komantè yo nan odyans vityèl akote yo nan dat ak lè ki nan lis anba a. Nan odyans vityèl akote yo, nou ap anrejistre komantè yo, transkri yo epi fè yo tounen anrejistreman pèmanan pou odyans sa yo, men pa p gen peryòd kesyon-repons. Tanpri, fòk ou konnen ke chak komantè nan odyans akote a gen sèlman de (2) minit anrejistreman pou chak moun.

Anrejistreman nan Odyans Vityèl Akote yo

Ou sipoze anrejistre alavans pou w pale nan yon odyans vityèl akote. Pou w anrejistre pou w pale nan yon odyans akote, tanpri anrejistre sou entènèt nan new.mta.info/2020hearings oswa rele nimewo Odyans Piblik lan nan (646) 252-6777. Telefòn ajan yo disponib apati 6 a.m. jiska 10 p.m. chak jou. Anrejistreman pou chak odyans vityèl akote ap ouvri 23 Novanm 2020 a 10 a.m. epi yo ap fèmen a 5 p.m. yon jou anvan odyans lan.

Rejwenn Odyans Vityèl Akote a

Si w anrejistre pou w pale, ou kapab rejwenn nou atravè Zoom nan lè ki te pwograme pou odyans lan swa sou entènèt oswa pa telefòn atravè enstriksyon sa yo:

Rejwenn Zoom sou entènèt: Pou aksede a rankont Zoom lan sou entènèt, vizite sit entènèt la: <https://mta-info.zoom.us/j/84115931743> (Ou kapab ale tou sou zoom.us/join epi antre nimewo webinè a 841 1593 1743)

Rejwenn Zoom atravè Telefòn: Pou w aksede a rankont Zoom lan atravè telefòn, tanpri rele

1-877-853-5247 (gratis). Epi antre nimewo Webinè a 841 1593 1743, epi apre peze dyèz (#).

Dat ak Lè Odyans Vityèl Akote yo, Peryòd Anrejistreman yo

Mèkredi, 2/12/2020 Peryòd Anrejistreman: 23/11/2020 a 10 a.m. – 1/12/2020 a 5 p.m. Lè: 5:30 – 8:30 p.m.	Madi, 8/12/2020 Peryòd Anrejistreman: 23/11/2020 a 10 a.m. – 7/12/2020 a 5 p.m. Lè: 10 a.m. – 1 p.m.
---	--

Lòt fason anplis pou w fè komantè epi pou w mande enfòmasyon

Pou w soumèt komantè oswa pou lòt enfòmasyon anplis, ou kapab kontakte nou nan new.mta.info/2020hearings, rele nimewo Odyans Piblik la nan (646) 252 6777, oswa voye yon lèt bay MTA Government & Community Relations, Re: Fares & Crossing Charges Virtual Public Hearing, 2 Broadway, New York, NY 10004. Telefòn ajan yo disponib apati 6 a.m. jiska 10 p.m. chak jou.

Sèvis Aksè ak Èd pou kesyon Lang

Nan odyans vityèl yo ak sa ki ap fèt akote yo, Sèvis transkripsyon (CART Captioning) ak Lang Siy Ameriken ap disponib. Manm nan piblik la ki soud oswa ki difisil pou yo tande ka itilize sèvis transmisyon yo vle a oswa yo ka itilize sèvis transmisyon gratis 711 lan, epi mande pou yo konekte yo a nimewo Odyans Piblik lan nan (646) 252-6777 pou yo pale ak yon ajan. Manm nan piblik lan ki avèg oswa ki pa wè byen ka mande mezi adaptasyon anvan oswa pandan 14 desanm 2020 an, yo sipoze soumèt yon demann sou entènèt nan new.mta.info/2020hearings oswa rele nimewo Odyans Piblik lan nan (646) 252-6777. Manm nan piblik lan ki pa gen aksè a yon òdinatè oswa ki pa gen aksè a entènèt ka tande chak odyans yo si yo rele rankont Zoom lan nan 1-877-853-5247 (gratis). Ansuit antre nimewo 841 1593 1743 an, epi peze dyèz (#). Si w nesesis èd pou kesyon lang oswa nenpòt mezi adaptasyon, tanpri soumèt yon demann omwen twa jou biwo anvan dat odyans lan pwograme an nan yonn nan fason ki vin annapre yo: sou entènèt nan new.mta.info/2020hearings, atravè nimewo telefòn Odyans Piblik lan nan (646) 252-6777, oswa voye yon lèt bay MTA Government & Community Relations, Re: Fares & Crossing Charges Virtual Public Hearing, 2 Broadway, New York, NY 10004. Moun ki mande èd pou lang yo alè yo, MTA ap ba yo enfòmasyon ki tradui sou pwosesis odyans lan epi l ap asire l ke yo tradui tout komantè piblik yo resevwa nan yon lang ki pa anglè, sa gen ladan tou transkripsyon odyans lan, ak rezime pou Komite MTA a.